



Rapò Enpak 2024

Travay nou ap fè a

FÒMIL POU ENPAK

Konpetans Fòmasyon

15 èdtan kou fòmasyon sible sou konpetans nimerik avèk kominote fòmatedè nan TGH



Koneksyon Entènèt

Aksè ak entènèt ki abòdab epi ki estab pou kay, li gen ladan l jiska yon lane entènèt TGH esponsorize




Aparèy Nimerik

Lè yo fin konplete kou a, moun ki gradye yo resevwa yon nouvo òdinatè oswa yon tablèt pou yo itilize lakay yo



Enklizyon Nimerik

Aksè dirab ak monn nimerik la ak opòtinite epi resous li ofri yo



Chè zanmi,

Pandan 24yèm ane Tech Goes Home la rive nan fen l, detèminasyon kolektif nou genyen pou diminye fakti nimerik la toujou rete fò. Pandan ane 2024 la nou te fè yon gwo efò pou garanti ekite nimerik la ap kontinye epi ap pwogrese nan Massachusetts ak pi lwen toujou. Done, istwa ak rezilta aksyon pledwaye nou prezante nan rapò sa a reprezante egzant ki montre ak lè lavi moun ki transfòme gras ak enklizyon nan monn nimerik la. Pandan n ap reflechi sou sa nou akonpli, nou santi nou enb fas ak enpak travay kolektif nou an, gwo sipò ou a, ak angajman detèmine ou pran pou asire tout moun ki bezwen l gen aksè ak resous nimerik ak konpetans pou epanouyi.

Gras ak sipò nou jwenn nan men kominote enstriktè, patnè, donatè ak pèsònèl nou an, TGH atenn plis moun nan plis zòn plis pase jan li te ye anvan. Ane sa a nou :

- Sèvi plis pase 6000 aprenan
- Distribiye plis pase 5700 aparèy nimerik ;
- Agrandi enpak nou nan 37 vil nan Massachusetts ;
- Entegre 10 lidè lokal kòm bousye nan kad nouvo Pwogram Bous pou Kominote Defansè ; epi
- nou te lanse yon pwogram pilòt TGH nan Detroit, Michigan.

Ane sa a, nou te resevwa yon sipò finansye pou ogmante travay defansè nou an epi sa te pèmèt nou atire atansyon sou esklizyon nimerik nan milye pouvwa yo. Nan mwa mas, nou te fyè pou nou te lanse premye Pwogram Bous pou Kominote Defansè ki rive janm fèt, sa ki te kreye wout pou pèmèt dis manm kominote TGH a itilize vwa ak eksperyans yo viv pou kreye politik enklizyon nimerik la.

Nan TGH nou toujou vle rankontre aprenan yo pou konnen kote yo ye, epi konnen kote yo bezwen nou. Pou rezon sa a, nou ap kontinye jwenn mwayen ki gen inovasyon pou mezire enpak nou fè, epi asire nou ofri kontni ki itil, konsa aprenan yo kapab rete konekte ak dènye avansman teknoloji a. Sa vle di tou, nou ap gen pou reponn ak demann pataj pi bon pratik nou yo avèk nouvo popilasyon epi ki nan nouvo zòn jewografik. Ane k ap vini a, nou ap grandi enpak nou an nan Detroit, Michigan, gras ak finansman Detroit-based Rocket Community Fund, kote nou pral enskri 200 rezidan lokal nan pwogram fòmasyon sou konpetans nimerik nou an. Pandan mwa k ap vini yo, TGH pral lanse yon pwogram ki trè enteresan pou moun ki afekte pa kesyon jistis nan prizon Massachusetts, sa ki pral asire yo kapab epanouyi nan monn dijital la lè yo libere.

Lane pwochèn, TGH pral selebre 25 lane kote yo pral sèvi aprenan ak kominote yo. Ane apre ane, nou te wè demann pou modèl nou an monte an flèch, pou rezon sa a kalite demann sa a ki pa t janm gen anvan an bezwen kontinye jodi a. Ann travay ansanm pou nou leve defi sa a epi mete sou pye modèl sa a ki pran anpil frap la, epi pèmèt fakti nimerik la diminye pou moun ki bezwen l plis.

Tout bon bagay,



Joseph Hedall
Prezidan Konsèy
Administrasyon an



Daniel R. Noyes
PDG

Aprenan nou yo

SÈKS


65%
FI

34%
GASON


1%
YON LÒT SÈKS/
MWEN PITO
PA DI




LANG PRENSIPAL



RAS/ETNISITE



REVNI CHAK ANE POU FANMI AN



FÒMASYON

28% 

Mwens pase Lekòl Segondè/GED

38% 

Gradye nan Lekòl Segondè/GED

16% 

Kèk Inivèsite/AA

18% 

Inivèsite/Diplòm Etid Siperyè

TRAVAY

43%

Nan Chomaj

23%

Tan plen

22%

Tan pasyèl

7%

Retrete

5%

Moun ki ap dirije fwaye a

Enpak nou fè

BAZ POU AKSÈ NIMERIK

“Fòmasyon mwen an te byen eksplike trè byen kòman òdinatè a se zanmi nou, epi li pa enmi nou. Mwen te renmen klas sa a anpil. Mwen te santi m alèz pou m ap dekouvri aplikasyon ki sou òdinatè yo, kreye dyapozitiv. Mwen te kontan anpil paske m te kapab pran klas sa a.”

– Ardenia

94%

gradye yo santi yo alèz pou fè rechèch jeneral sou entènèt, tankou yon rechèch sou Google, gras ak nouvo konpetans nimerik yo

91%

gradye yo itilize nouvo konpetans nimerik ak zouti yo pou kominike avèk lòt moun pa imèl oswa videyo

76%

gradye yo itilize nouvo aparèy ak zouti nimerik yo pou gen aksè ak resous vil la

76%

gradye yo aktyèlman gen koneksyon entènèt lakay, konpare ak 39% ki te gen entènèt lè yo te fenk enskri nan TGH



Enpak nou fè

ÒPÒTINITE FÒMASYON



91%

moun ki ap bay swen fè konnen kou yo pran nan TGH la te ede timoun yo rekonèt lèt ak chif yo

“Todo este nuevo conocimiento me ayudara a buscar empleo, vivienda y poder ayudarle a mis hijas a hacer las tareas.”

Tradiksyon : “Tout nouvo konesans sa yo pral ede m chèche yon travay, lojman, epi l ap pèmèt mwen ede tifi m nan fè devwa l.”

–Suneyda

88%

moun ki ap bay swen fè konnen timoun yo te aprann konpetans pou yo rete an sekirite anliy gras ak TGH

86%

moun ki ap bay swen vin pi enplike nan edikasyon timoun yo gras ak fòmasyon yo pran nan TGH la

80%

adilt ki gradye te itilize nouvo konpetans dijital yo nan avantaj yo pou pwòp edikasyon yo

Enpak nou fè

MOBILITE EKONOMIK

79%

adilt ki gradye gen aksè ak resous pou chèche travay anliy

73%

adilt ki gradye fè konnen premye motivasyon yo te genyen pou enskri nan kou TGH la se te pou kontinye ak etid yo oswa jwenn yon travay

71%

adilt ki gradye fè konnen kou TGH la te pèmèt yo jwenn yon nouvo travay oswa yon nouvo travay, resevwa yon ogmantasyon salè, rantr nan yon travay oswa nan yon pwogram fòmasyon oswa edikasyon, gen aksè ak avantaj oswa kòmanse yon biznis

“Li te pèmèt mwen jwenn yon travay, peye fakti m, gade estati m nan kat manje a, fè tranzaksyon bankè anliy, epi fè lavi m pi fasil.”

–Gauhar

68%

adilt ki gradye jere finans yo anliy



Enpak nou fè

SANTE AK BYENNÈT

86%

gradye yo itilize konpetans nimerik yo pou reyinyon videyo, yo itilize l tou pou rete konekte ak moun ki pwòch ak pou randevou telesante

79%

gradye yo ogmante konpetans yo pran nan kou TGH la pou gen aksè ak enfòmasyon sou sante ak byennèt ak resous

“Pi bon pati nan kou sa a, se li pèmèt mwen kapab itilize Zoom pou pale ak doktè m pou m pran randevou.”

–Gail

73%

gradye yo kòmande pwodui ki esansyèl pou lavi anliy, tankou preskripsyon, manje ak pwodui netwayaj

60%

gradye yo itilize zouti nimerik yo pou jwenn lojman

“Mwen ap kapab gen aksè ak kabinè doktè mwen, pran randevou, epi gade rezilta tès yo. TGH pèmèt mwen gen aksè ak enfòmasyon nimerik.”

–Jean



Defansè

TGH fè pledwaye bò kote ajans lokal, ajans nan eta ak ajans federal ansanm dirijan ki eli yo pou jwenn solisyon transfòmasyonèl. Epitou, solisyon sa yo santre sou moun ki pral ede ogmante resous epi asire aksè ekitab ak zouti dijital ak opòtinite. Men reyalizasyon ekip nou an nan kesyon pledwaye pou ane 2024 :

34

OFISYÈL ELI
ANGAJMAN

23

VALÈ FWA NOU PARÈT
NAN MEDYA

20

MINISIPALITE NOU TE
IDANTIFYE POU YON TRAVAY
PLEDWAYE ESTRATEJIK

10

MANM INOGIRAL
PWOGRAM BOUS POU
KOMINOTE DEFANSÈ

Yo te lanse Pwogram Bous pou Kominote Defansè nan (**Tech Goes Home Advocacy Community Fellowship**) objektif pou santre epi ogmante vwa fòmatede ak aprenan TGH nan defans enklizyon nimerik, desizyon y ap pran, epi travay pou chanjman sistèm. Epitou, li pèmèt nou asire moun ki plis afekte pa inegalite nimerik la sou tab la lè n ap kreye solisyon.

110

manm kominote a te reponn kesyon sis estajé ki nan Inisyativ Pou Rechèch nan Zòn (Boston Area Research Initiative, BARI) ak inisyativ pledwaye TGH

50

atik bousye yo ekri sou sijè tankou objektif pèsonèl, inegalite nan aksè nimerik, ak enpak AI

25

èdtan atelye pou bousye yo lidè kominotè yo te prezante

9

temwanyaj bousye yo te prezante sou kesyon ki enpòtan anpil sou ekite nimerik ak fason yo fè yon enpak sou vil Boston ak atravè Commonwealth la



Pèsonèl la

Marwa Alnaal

Direktè, Pledwaye Estratejik

Mariette Ayala

Direktè Pwogram ak Ansyèman

Dahlia Bousaid Cox

Vis Prezidan Egzekitif ak Direktris Operasyon

Stephanie Cohen

Kowòdonatris Relasyon

Lois Contreras Gutierrez

Direktris Patenarya

Lily Abha Cratsley

Kowòdonatris Prensipal Patenarya

Jerome Daye

Jesyonè Patenarya

Richard Feistman

Responsab Fòmasyon ak Evalyasyon

Dina Ferranti

Direktè Evalyasyon

Bruce Glabe

Direktè Finansye Pa Enterim

Deborah Heimeil

Direktè Finans

Kiara Lum

Direktè Revni ki Rantre

Madison Martin

Responsab Relasyon avèk Donatè

Mei Ngo

Konseptè Pedagojik, Fòmètè

Daniel Noyes

Direktè Jeneral

Darcy O'Connor

Jesyonè Prensipal pou Devlopman, Relasyon avèk Fondasyon ak Donatè

Natalie Petit

Responsab Operasyon Pwogram

Caitlin Schubert

Responsab Pwogram Inovasyon

Jaslin Tifiano

Responsab Sistèm Done

Chantae Turner

Jeneralis nan Resous Imèn

Alexandra Trunnell

Konseptè Pedagojik ak Pwogram Etid

Marvin Venay

Responsab Afè Eksteryè ak Pledwaye

Konsèy Direksyon

Joe Hedal, Prezidan

Ansyen Direktè Adjwen ak Enstriktè Klinik, Harvard Law School - Klinik Dwa Tranzaksyonèl

George Llado, Vis Prezidan

Ansyen SVP ak CIO, Alexion Pharmaceuticals

Bruce Glabe, Trezorye

Ansyen Direktè Finansye, Appalachian Mountain Club

Anne Bailey Berman

Prezidan, Chadwick Martin Bailey

Colin Cabral

Patnè, Proskauer Rose LLP

Prince Charles

Kowòdonatè Computer Learning Center, Codman Square NDC

Monica Dean

Direktè Lojman, LISC NY

Adam Goff

Vis Prezidan pou Vant, Box

Maria Harris

Ansyen Direktè Edikasyon pou Adilt, Lekòl Piblik Boston

Antonio Lobo

Direktè Devlopman Travayè, Catholic Charities

Pedro J. Lopez-Baldrich

Direktè Sèvis Jiridik, EVP, SharkNinja

Daniel Noyes

Prezidan ak CEO, Tech Goes Home

Daisy Ortega

Direktè Jeneral Fòmasyon ak Ranfòsman Kapasite, Health Resources in Action

Elizabeth Schwab

Chèf Devlopman Mache ak pou Defans, Google Data Centers, Google

Lee Schwamm

Dwayne Asosye pou Transfòmasyon ak Estratejik Nimerik, Yale School of Medicine

Vis Prezidan Senyò ak

Responsab Sante Nimerik Yale New Haven Health System

Tech Goes Home rekonesan pou kominote sipòtè nou genyen nan tout nivo epi ki ede travay la posib. Nou fyè pou nou rekonèt prensipal donatè sa yo :



131 Dartmouth Street, 3rd Floor, Boston, MA 02116
(617) 398-7831
techgoeshome.org

[@techgoeshome](https://www.techgoeshome.org)

[fb.com/techgoeshome](https://www.facebook.com/techgoeshome)

[flickr.com/techgoeshome](https://www.flickr.com/photos/techgoeshome/)

[linkedin.com/company/tech-goes-home](https://www.linkedin.com/company/tech-goes-home)

[@techgoeshome](https://www.instagram.com/techgoeshome)

[youtube.com/user/techgoeshome](https://www.youtube.com/user/techgoeshome)